# ФИЛОЛОГИЧЕСКИЕ НАУКИ

DOI:

## МАМСЫРАТЫ ТЕМЫРБОЛАТЫ ФÆЛГОНЦ ИРОН ПОЭЗИЙЫ

**Асаева Наталья Ахсарбековна**, кандидат филологических наук, доцент, кафедра осетинской литературы, Федеральное государственное бюджетное образовательное учреждение высшего образования «Северо-Осетинский государственный университет имени Коста Левановича Хетагурова» (Владикавказ, Россия); https://orcid.org/0000-0001-8418-7068; nata.asaeva.76@mail.ru

*Жизнеописание и творчество первого профессионального осетинского поэта Темирболата Османовича Мамсурова (1845-1898) с давних пор привлекают внимание исследователей. Биографические данные писателя и творческая деятельность становились объектом изучения литературоведов и историков в статьях и очерках. Образ самого поэта, пережившего в 1865 г. вместе с другими кавказскими народами переселение в Османскую империю, привлекал также внимание осетинских авторов. Трагическая судьба Т. Мамсурова находила художественное воплощение в поэтических и прозаических жанрах (см. роман М. Булкаты «От Терека до Турции»). В статье впервые в осетинском литературоведении рассматриваются стихотворения-посвящения Т.О. Мамсурову. Материалом для исследования послужили лирические произведения Н.Г. Джусойты «Страдание песни», «Лучший из наших предков!», «Завещание Осетии», «Зима», Х.-У.Н. Алборты «Мольба Темырболата», Г.З. Кодалаева «Переживание Темырболата». Автором статьи анализируется образ субъекта лирической речи. Одни стихотворения написаны от лица самого Т. Мамсурова, другие построены в форме обращения к осетинскому поэту. Для стихотворений первого плана характерна исповедальность. Основным мотивом всех стихотворений является тоска по Родине. Осетинским авторам удалось воздать дань уважения великому предку, поэту и патриоту. В обращении к нему звучит благодарное слово потомков спустя десятилетия. Поэты заверяют Т. Мамсурова в том, что никто не считает его переселение в Турцию слабостью или предательством. Раскрытию образа лирического героя способствуют средства художественной выразительности, в частности рефрены (лексические, кольцевая композиция).*

**Ключевые слова:** *Т.О. Мамсуров, осетинская литература, первый профессиональный поэт, стихотворение-посвящение, чужбина, тоска по Родине.*

**Для цитирования***: Асаева Н.А. Образ Темирболата Мамсурова в осетинской поэзии // KAVKAZ-FORUM. 2025. Вып. 22(29). С. 5-13. DOI:*

### Разныхас

Фыдыбæстæйы патриот, ирон адæмы иузæрдион хъæбул, ирон профессионалон поэзийы бындурæвæрæг Мамсыраты

Темырболаты сфæлдыстад сæрысуанг баст у ирон адæмы царды иууыл стырдæр трагедиимæ. Йæ койы сæр – лидзæг адæмы трагеди æмæ, Турчы чи ‘рцард, уыцы ирæтты хъысмæт.

Мамсыраты Темырболаты цард æмæ сфæлдыстадмæ рагæй фæстæмæ сæ хъус дарынц литературæ иртасджытæ. Уыдоны ‘хсæн – фыццаг ирон профессор Æлборты Барысби [1], поэт, ирон литературæйы историк Гæдиаты Цомахъ [2], Ирыстоны Адæмон поэттæ, литературæ иртасджытæ Джусойты Нафи [3; 4], Дзуццаты Хадзы-Мурат [5], Джыккайты Шамил [6], Хъодзаты Æхсар, Ходы Камал [7], историон зонæдты доктор, профессор Бзарты Руслан [8] æмæ иннæтæ [9; 10].

Куыд федтам, афтæмæй Темырболаты цард æмæ сфæлдыстадмæ хъусдард цæуы. Фæлæ йе сфæлдыстадæй уæлдай ирон фысджытæн зынаргъ у Темырболатæн йæхи фæлгонц дæр. Æмæ йæ номыл ирон аивадон литературæйы фæзынди æвæджиауы номарæн æмдзæвгæтæ. Хъыгагæн, амынд æмдзæвгæтæн ирон литературон критикæйы сæ кой дæр нæма уыд. Уымæ гæсгæ ацы темæйы актуалондзинад гуырысхойаг нæу.

Нæ зонадон-иртасæн куысты хæс у равзарын, Мамсыраты Темырболаты фæлгонц ирон фысджыты зæрдæты æмæ сфæлдыстады цы бынат ахсы, уый. Ацы хæс нæ къухы бафтдзæн амынд уацмыстæм æркæсгæйæ. Уацы æвзæрст æрцæуудзысты М. Темырболатыл фыст номарæн æмдзæвгæтæ: Джусойты Нафийы «Зарæджы хъизæмар», «Ныстуан Ирыстонмæ», «Зымæг», Æлборты Хадзы-Умары «Темырболаты лæгъстæ» æмæ Хъодалаты Герсаны «Темырболаты хъынцъым».

### Сæйраг хай

Мамсыраты Темырболатыл фыццаджыдæр номарæн æмдзæвгæ ныффыста Джусойты Нафи. Уый уыди 1966 азы. Фæстæдæр фæзындысты Æлборты Хадзы-Умар æмæ Хъодалаты Герсаны æмдзæвгæтæ дæр.

Цымыдисаг формæйæ фыст у Ирыстоны Адæмон поэт, драматург, публицист, литературæ иртасæг, тæлмацгæнæг Джусойты Нафийы прозæйæ фыст номарæн æмдзæвгæтæ «Зарæджы хъизæмар» æмæ «Нæ рагфыдæлты хуыздæр!». Уацмыс арæзт у дыууæ хайæ. Фыццаг хайы Нафи æргом кæны йæ ахаст Темырболатмæ – «Бæстæй скъуыд, æфхæрд лæгмæ». Æмбары йын йæ хъизæмар. Хъынцъым кæны, йæ уарзондзинад æмæ уынгæг сагъæс ын йæ æбæрæг ингæнмæ фæхæццæ кæнын йæ бон кæй нæу, ууыл. Темырболат йæ уарзон

Фыдыбæстæйæ кæй фæхицæн, уый уыди йæ зæрдæйы æнусон хъæдгом.

Цавæр бынат ахсы Ирыстон Темырболаты зæрдæйы? «Æнусон уарзон ын уыди нæ фыдыуæзæг Ирыстон, – зæгъы Нафи, – Йæ кад, йæ ном уыдысты йæ иунæг ныфс, йæ иунæг сæрыстырдзинад» [11, 15].

Уый махмæ, йæ фæдонтæм, «Æрхаста нæ фыдæлты сагъæстæ, сæ мастæй йæ фæлмæн зæрдæ, йæ уынгæг хъуыды сурс сты, афтæмæй нæм æрцыдысты зарæджы фæлтæрты» [11, 16].

Нафи ирон адæмы номæй Темырболатæн загъта бузныджы ныхас: «Мах, дæ зарджыты бындартæ, бамбæрстам дæ сыгъдæг уды хъизæмар, фехъуыстам дæ уынгæг зæрдæйы зарджытæ, нымайæм дæ нæ рагфыдæлты хуыздæрыл, Ирыстоны æнувыд хъæбулыл!» [11, 16].

Нафи – арфуынæг психолог, куырыхон хистæр – æмбары Темырболаты мæт, йæ ацыды хъуыддаг ын йæ уарзон адæм куыд бамбардзысты, ууыл. Æмæ йæм афтæ бадзуры: «Зонын æй, зæрдæдзургæ уыдаис мæлæты бонмæ: мыййаг, исчи дæ ацыд Турчы бæстæм афтæ куы банымайа – нæ уарзтай дæ фыдызæхх...». Ацы хъуыды бæстондæрæй æвдыст æрцыд, Нафи Темырболаты номæй цы æмдзæвгæ ныффыста, уым, «Ныстуан Ирыстонмæ», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ:

*Уынгæджы уысм!.. Кæй бадомон æххуысыл?..*
*Ныййарæг Ир, мæн бафæрсын фæнды:*
*Мæ уынгæг сидт дæм уа-дардæй нæ хъуысы,*
*Æви мæм барæй ницы дзурыс ды?*

*О, сайраг фон, – куыд мæ рауагътай ардæм?*
*Куыд нæ загътай сæнтдзæф лæппуйæн: «Лæуу!»?*
*Куы хъусыс ныр мæ иунæджы ниуд дардæй,*
*Дæ удæн уæд æвидигæ зын нæу?..*

*Æви мæ сæфт мæхи аххос у иууыл, –*
*Мæ фыдызæххыл систон æз мæ къух?..*
*Уæд аскъуыйæд мæ рыст зæрдæ мæ риуы,*
*Мæрдты дæр фон дæ рухс цæсгомæй цух!..* [11, 17]

Нафи хорз æмбары нæ рагфыдæлы хъынцъым æмæ йын йæ зæрдæ æрсабыр кæны: «Дзурын дæм мæ фæлтæры номæй: сцух у дæ мæрдон хъизæмарæй – дæ уынгæг зарæг æрхæццæ йæ

фыдызæхмæ! Дæ уды сыгъдæг, де стыр уарзондзинад бафтыд нæ зондыл æмæ йын фесæфæн нал и, цалынмæ ирон дзыхæй дзурæг уа, уæдмæ!» [11, 16].

Стыр аргъ кодта Темырболаты сфæлдыстадæн ирон поэт, публицист, литературæ иртасæг Æлборты Хадзы-Умар дæр. Æмдзæвгæ «Темырболаты лæгъстæ»-йы Хадзы-Умары къухы бафтыд бæстæй скъуыд лæджы уавæр, йæ зæрдæйы рыст раргом кæнын. Уацмыс фыст у Темырболатæн йæхи номæй. Ис æм ахæм курдиат: кæйдæр зæххыл куы амæла, уæд ыл арв йæ цæссыг куыд ныккала, хур йæ саударæг куыд фæуа, дымгæ та йын йæ хъæлæс, йæ зарæг йæ фыдыуæзæгмæ куыд фæхæсса:

*Кæд ам æрцæудзæнис æцæгæйдæр мæ мæлæт,*
*Мæ бæстæй рох, кæйдæр зæххыл дзæгъæлæй, –*
*О, курын, арв, дæ цæссыг мыл ныккæлæд,*
*Тæрккъæвдатæй мæ ингæныл ызгъæлæд.*

*Ды фест мæ саударæг, зæрин хур,*
*Мæ саударæг, мæ сау ныййарæг мадау.*
*Мæрдтæм цæугæ æрæнцой у мæ риуыл,*
*Мæ зæрдæйы æрхæм хъæдгæмттыл батай* [11, 20].

Нæ уарзон поэты стырдæр бæллиц у йæ ныхас Ирыстонмæ фæхæццæ кæнын. Тæрсы, йæ дзуринæгтæ йæ Фыдыбæстæмæ куы нæ фæхæццæ уой, уымæй:

*Сымахмæ дзурын, дымгæтæ, уæ фæрæз,*
*Уæ сæрибар – цæрæнбонты мæ бæллын, –*
*Фæхæссут-иу мын а бæстæй мæ хъæлæс,*
*Ма йын уæд кæйдæр зæххыл ныммæлæн.*

*Фæхæссут æй, уый уарзонæн нывонд у,*
*Мухаджиры æгад æмæ зынæй*
*Йæ алы мыр, йæ алы сулæфт дæр нывгонд у.*
*Мæ Хуыцау, ме скæнæг, дæуæй* [11, 20].

Мæлæтæй нæ тæрсы нæ поэты лирикон хъайтар – кæйдæр зæххыл æй дзæнæт дæр нæ хъæуы, æмæ йæ Хуыцауæй куры:

*О, курын, фехъус мын мæ лæгъстæ:*
*Кæд ам ныххуысдзæнис, æцæгæйдæр, мæ цард, –*
*Турчы зæхх мын ма схай кæн дзæнæтæн,*
*Мæ фыдызæхх, мæ хæхтæ мын зындонæй ратт* [11, 21].

Стыр лæггад бакодта Темырболатæн поэт, публицист, тæлмацгæнæг, журнал «Фидиуæджы» сæйраг редактор (2022 азы онг) Хъодалаты Зурабы фырт Герсан. Уый ныффыста диссаджы номарæн æмдзæвгæ Темырболаты номæй «Темырболаты хъынцъым». Хъодалаты Герсаны къухы бафтыд Темырболатæн йæ зæрдæйы сагъæстæ, йæ фæсмон, йæ иунæгдзинад раргом кæнын:

*Теркæй æрбарæдыд Туркмæ мæ фæндаг,*
*Царды уæззау сагъæс рахастон уаргъæн.*
*Карз фæсмон зæрдæйы ‘фтыдта йæ дæндаг,*
*Тадтæн уæлгъæдæй мыдадзын цырагъау...*

*Хъарсы сæрмæ-иу куы стылди зæрин мæй, –*
*Уайтагъд-иу фергом мæ уды фæндиаг:*
*Исты хабæрттæ-иу рахæсс мæ Ирæй,*
*Зæгъын, тæхуды, кæмæн ис дæ ниат!..*

*Бабын дæн афтæмæй... Иунæджы зарæг*
*Уæзæджы сау къæйыл сидзæрæй баззад.*
*Нæй йын «мæн у» зæгъæг, нæй йæ рæвдауæг,*
*Æмæ уынгæгхъуыр, фæсусæй дзыназы...* [11, 21].

Темырболат Турчы зæххыл ныгæд æрцыд, фæлæ мæрдты дæр йæ уд нæу сабыр – фæнды йæ, цæмæй йæ зарæг йæ фыды хуыст артдзæст æрцагура:

*Ацу, мæ зарæг, мæ ингæны цурæй,*
*Дзæлгъæды ма кæн æрдиаг дæ фыдыл.*
*Ацы цъæх хæрджытæ нал комынц сурын,*
*Ацы кæрдæг мыл фæлтæргай ныггуыдын.*

*Ацу, дæ фыды хуыст артдзæст æрцагур,*
*Цалынмæ ме ‘мбисонд не ‘рцыд дæуыл дæр.*
*Ахæсс мын демæ мæ сыгъд зæрдæ – сау дур,*
*Иры былкъахыр мæсыгыл æй сæвæр!..* [11, 21].

Æмдзæвгæйы райдиан æмæ йæ кæроны рефрены хуызы хъусæм зæрдæхалæн хъæр:

*Ауадз мæ, сау ингæн, ауадз, фæстæмæ*
*Аздæхон хъуамæ мæ Иры бæстæмæ!..* [11, 21].

Куыд федтам, афтæмæй Мамсыраты Темырболат йæ удæй фылдæр уарзта Ирыстон, фæлæ йæ цæссыгæй æнæхай фæци, ныгæд дæр æцæгæлон зæххыл æрцыд.

Уæдæй нырмæ рацыдис æнус æмæ æрдæгæй фылдæр, фæлæ туркаг ирæттæ нæ байрох кодтой сæ фыдæлты уæзæг, уарзынц æй, мысынц æй æмæ йыл фыссынц сæ зæрдæйы зарджытæ. Фыдыуæзæгæн ферохгæнæн нæй. Уый у æнусон æнкъарæн. Уыцы æнкъарæнтæй цæрæм мах дæр æмæ нæ æмбæстагонтæ дæр.

Мамсыраты Темырболатмæ – нæ зæрдæрыст хистæрмæ нæ фæнды бадзурын абоны фæлтæры номæй æмæ йæ сцух кæнын йæ æнусон хъынцъымæй:

«Нæ рагфыдæлты хуыздæр!

Абон ирон æвзагæй дзурджытæ буц сты дæуæй, дæ цæссыг бады сæ цæсты, дæ дзырды, дæ зарæджы аив тæлфы сæ зæрдæйы рæбын æмæ дын арфæ кæнæм абоны номæй. Уырны нæ, уыдзæн дæ кой фидæны фæлтæртæм дæр:

– Æгас цу, Темырболат! Æгас цу абон дæр, сом дæр æмæ тъымы-тъымамæ!» [11, 17].

### Кæронбæттæн

Мамсыраты Темырболаты номыл фыст æрцыд æвæджиауы номарæн æмдзæвгæтæ. Сæ иутæ фыст æрцыдысты Темырболатыл, иннæтæ та Темырболатæн йæхи номæй. Авторты къухы бафтыд раргом кæнын нæ уарзон поэты уды хъизæмар, йæ фæсмон, йæ хъынцъым æмæ сагъæстæ. Æппæт ирон адæмы номæй йæм бадзырдтой, йæ ацыд ын лæмæгъдзинадыл æмæ гадзрахатыл кæй нæ нымайынц. Æнусы сæрты йын фехъусын кодтой, йæ кой, йæ уацмыстæ Ирыстонмæ кæй æрхæццæ сты. Ныфс ын бавæрдтой, цалынмæ ирон æвзагыл дзурæг уа, уæдмæ йæ ном рохгонд кæй нæ ‘рцæудзæн. Нымайынц æй «Нæ рагфыдæлты хуыздæрыл!»

1. *Алборов Б.А.* Первый осетинский поэт Темирболат Османович Мамсуров // Известия Горского педагогического института. 1926. Т. III. С. 262-325.

2. *Гадиев Ц.* Мамсуров Темирболат – первый осетинский писатель // Известия научно-исследовательского института краеведения. 1927. Т. II. С. 47-59.

3. *Джусойты Н.* Нæ зарджыты райдайæн // *Мамсыраты Т.* Ирон зарджытæ. Цхинвал: Ирыстон, 1965. Ф. 3-21 (на осет. яз.)

4. *Джусойты Н.Г.* История осетинской литературы. В 2 кн. Тбилиси: Мецниереба, 1980. Кн. 1. 332 с.

5. *Дзуццаты Х.-М.* Мамсыраты Темырболаты реализмы тыххæй // Фидиуæг. 1978. № 5. Ф. 17-27 (на осет. яз.)

6. *Джикаев Ш.Ф.* Песни скорби и надежды // *Мамсуров Т.* Осетинские песни. Орджоникидзе: Ир, 1985. С. 3-19.

7. *Хъодзаты Æ., Ходы К.* Ирон фыццаг зарæггæнæг // *Мамсыраты Т.* Ирон зарджытæ. Орджоникидзе: Ир, 1982. С. 3-23 (на осет. яз.)

8. *Бзаров Р.С.* Темирболат Мамсуров в Петербурге и Чугуеве // Вопросы осетинской литературы и фольклора. Орджоникидзе: Изд-во СОГУ, 1984. С. 37-45.

9. *Асаева Н.А.* Образ Темирболата Мамсурова в творчестве Нафи Джусойты // Научное познание в контексте междисциплинарного взаимодействия: Материалы междунар. конф. (Смоленск, 31 декабря 2016 г.). Смоленск: Общество с ограниченной ответственностью «НОВАЛЕНСО», 2016. С. 63-65.

10. *Валиева Т.И.* Темирболат Мамсуров – выразитель мировоззрения горцев // Филологические науки. Вопросы теории и практики. 2018. №1 (79). Ч. 2. С. 222-224. https://doi.org/10.30853/filnauki.2018-1-2.2

11. *Асаева Н.А., Бежаева Ф.Г.* История осетинской литературы: хрестоматия. Владикавказ: СОГУ им. К.Л. Хетагурова, 2022. 145 с.

Статья поступила в редакцию 31.05.2025,
принята к публикации 13.06.2025,
опубликована 30.06.2025

**Asaeva, Natalya A.** – Candidate of philological sciences, Associate Professor, Department of Ossetian literature, North Ossetian State University named after K.L. Khetagurov (Vladikavkaz, Russia); https://orcid.org/0000-0001-8418-7068; nata.asaeva.76@mail.ru

## THE IMAGE OF TEMYRBOLAT MAMSUROV IN OSSETIAN POETRY.

***Keywords:*** *T.O. Mamsurov, Ossetian literature, the first professional poet, a dedication poem, foreign land, longing for the Motherland.*

*The life and work of the first professional Ossetian poet Temirbolat Osmanovich Mamsurov (1845-1898) have long attracted the attention of researchers. The writer's biographical data and creative work became the object of study in articles and essays of literary scholars and historians. The image of the poet himself, who survived the migration to the Ottoman Empire in 1865 together with other Caucasian peoples, also attracted the attention of Ossetian authors. The tragic fate of T. Mamsurov found artistic embodiment in poetic and prose genres (see the novel by M. Bulkaty «From Terek to Turkey»). The article for the first time in Ossetian literary criticism examines poems dedicated to T.O. Mamsurov. The material for the study was the lyrical works of N.G. Dzhusoyty «Suffering of a Song», «The Best of Our Ancestors!», «Testament for Ossetia», «Winter», of H.-U.N. Alborty «Temyrbolat's*

*Plea», of G.Z. Kodalaev «Temyrbolat's Experience». The author of the article analyzes the image of the subject of lyrical speech. Some poems are written on behalf of T. Mamsurov himself, others are constructed in the form of a direct appeal to him. The poems of the foreground are characterized by confessionality. The main motive of all the poems is longing for the Motherland. Ossetian authors managed to pay tribute to the great ancestor, poet and patriot. The thankful descendants sound their gratitude to Mamsurov decades later in their appeal to him. The poets assure T. Mamsurov that no one considers his resettlement to Turkey a weakness or betrayal. The disclosure of the image of the lyrical hero is facilitated by means of artistic expression, in particular refrains (lexical, ring composition).*

**For citation:** *Asaeva, N.A. The image of Temyrbolat Mamsurov in Ossetian poetry. KAVKAZ-FORUM. 2025, iss. 22(29), pp. 5- 13 (In Ossetian). DOI:*

**REFERENCES**

1. Alborov, B.A. *Pervyi osetinskii poet Temirbolat Osmanovich Mamsurov* [The first Ossetian poet Temirbolat Osmanovich Mamsurov]. *Izvestiya Gorskogo pedagogicheskogo institute* [News of the Gorsky Pedagogical Institute]. 1926, vol. 3, pp. 262-325.

2. Gadiev, Ts. *Mamsurov Temirbolat – pervyi osetinskii pisatel'* [Mamsurov Temirbolat – the first Ossetian writer]. *Izvestiya nauchno-issledovatel'skogo instituta kraevedeniya* [News of the Research Institute of Local History]. 1927, vol. 2, pp. 47-59.

3. Dzhusoity, N. *Nachalo nashei pesni* [The beginning of our song]. Mamsurov, T. *Osetinskie pesni* [Ossetian songs]. Tskhinval, Iryston, 1965, pp. 3-21 (in Ossetian).

4. Dzhusoity, N.G. *Istoriya osetinskoi literatury. V 2 kn.* [History of Ossetian literature. In 2 books]. Tbilisi, Metsniereba, 1980, b. 1. 332 p.

5. Dzutstsaty, Kh.-M. *O realizme Temyrbolata Mamsurova* [About the realism of Temyrbolat Mamsurov]. *Fidiuag* [Fidiuag]. 1978, no. 5, pp. 17-27 (in Ossetian).

6. Dzhikaev, Sh.F. *Pesni skorbi i nadezhdy* [Songs of sorrow and hope]. Mamsurov, T. *Osetinskie pesni* [Ossetian songs]. Ordzhonikidze, Ir, 1985, pp. 3-19.

7. Kh"odzaty, A., Khody, K. *Pervyi osetinskii pevets* [The first Ossetian singer]. Mamsurov, T. *Osetinskie pesni* [Ossetian songs]. Ordzhonikidze, Ir, 1982, pp. 3-23 (in Ossetian).

8. Bzarov, R.S. *Temirbolat Mamsurov v Peterburge i Chugueve* [Temirbolat Mamsurov in St. Petersburg and Chuguev]. *Voprosy osetinskoi literatury i fol'klora* [Issues of Ossetian Literature and Folklore]. Ordzhonikidze, North Ossetian State University, 1984, pp. 37-45.

9. Asaeva, N.A. *Obraz Temirbolata Mamsurova v tvorchestve Nafi Dzhusoity* [The Image of Temirbolat Mamsurov in the Works of Nafi

Dzhusoity]. *Nauchnoe poznanie v kontekste mezhdistsiplinarnogo vzaimodeistviya: Materialy mezhdunar. konf. (Smolensk, 31 dekabrya 2016 g.)* [Scientific Knowledge in the Context of Interdisciplinary Interaction: Proceedings of the International Conference (Smolensk, December 31, 2016)]. Smolensk, Obshchestvo s ogranichennoi otvetstvennost'yu «NOVALENSO», 2016, pp. 63-65.

10. Valieva, T.I. *Temirbolat Mamsurov – vyrazitel' mirovozzreniya gortsev* [Temirbolat Mamsurov – the Spokesman of the Worldview of the Highlanders]. *Filologicheskie nauki. Voprosy teorii i praktiki* [Philology. Theory & Practice]. 2018, no. 1 (79), part 2, pp. 222-224. https://doi.org/10.30853/filnauki.2018-1-2.2

11. Asaeva, N.A., Bezhaeva, F.G. *Istoriya osetinskoi literatury* [History of Ossetian literature]. Vladikavkaz, North Ossetian State University, 2022. 145 p.

The article was submitted 31.05.2025,
accepted for publication on 13.06.2025,
published 30.06.2025